



Pa manke wè enfòmasyon enpòtan MassHealth yo!

MyServices se yon zouti sou entènèt la e yon aplikasyon mobil ki fasil pou tout manm MassHealth itilize.

Disponib nan sis lang : pòtigè brezilyen, anglè, kreyòl ayisyen, chinwa senplifye, espayòl, e vyetnamyen.

Avèk MyServices, ou ka :

- Wè pou ki benefis MassHealth oubyen Massachusetts Health Connector ou gendwa kalifye pou w resevwa.
- Revwa enfòmasyon sou enskripsyon w nan MassHealth, tèlke non plan ou genyen an e dat plan an.
- Wè epi enprime yon kopi katon idantifikasyon MassHealth ou a.
- Resevwa avètisman sou evènman enpòtan e sou ki mezi ou dwe pran.
- Gade anliy sèten avi MassHealth epitou enfòmasyon sou kòman pou enskri pou vote.

Enskri nan MyServices.Mass.gov oubyen chèche nan magazen aplikasyon ou pito a pou “MyServices”!

